Yahuut yi ñooy ñi Yàlla mere, nasaraan yi ñooy ñi réer

Jële nañu ci Adiyyi ibn Haatim mu jële ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «Yahuut yi ñooy ñi Yàlla mere, nasaraan yi ñooy ñi réer».
[Wér na] [At-tirmisiy soloo na ko]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xibaare ne yahuut yi aw nit lañu wu Yàlla mere; ndaxte ñoom dañoo xam dëgg ba noppi te jëfewuñu ko. Nasaraan yi nag ay nit yu réer lañu; ndaxte ñoom dañuy jëf ci ñàkk a xam.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/65061